



KRITÈ ADMISYON POU LEKÒL KONKOU ANTRE BPS YO

*Gwoup Travay pou Kritè Admisyon
nan Lekòl Konkou Antre yo*

23 fevriye, 2021

Pwogram Reyinyon an

- I. Akèy
- II. Yon Revizyon Responsabilite yo ak Apatenans Manm yo
- III. Diskisyon sou Pwochèn Etap Yo
- IV. Kòmantè Gran Piblik la
- V. Reyinyon an Lage

Lwa Entèn Gwoup Travay la

Pou bati sou fondasyon travay ke Gwoup Travay Sipèentandan an te kòmanse apwopo Kritè Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo, Gwoup Travay Komite Skolè a k ap travay sou afè Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo va devlope yon seri rekòmandasyon sou regleman admisyon nan Lekòl Konkou Antre sila yo ki fè pati sistèm Lekòl Piblik Boston an. Rezilta nou ta renmen wè a se elaji kantite gwoup kandida yo, epi kreye yon pwosesis admisyon ki ta ka kore enskripsyon elèv yo nan chak lekòl konkou antre, nan yon tèt fason kote ke nou kapab toujou mentni yon standa siperyè e gwoup elèv yo kapab reflekte divèsite rasyal, sosyoekonomik, e geyographik tout elèv ki fè pati vil Boston (sot nan klas jadendanfan K rive jiska klas 12yèm ane). Gwoup Travay la va konsidere itilize nouvo evalyasyon NWEA la ansanm ak kèk lòt eleman, epitou fè yon revizyon okonplè enplemantasyon kritè admisyon yo pou ane skolè 2021-2021 an pou eksplwate aprantisaj yo, epitou revize kèk pratik k ap fèt nan kèk lòt distri ke n kapab eksplwate tou.

Fòk yo soumèt rekòmandasyon an pa pi ta ke 26 Me, 2021.

Yon Bwouyon Divès Akò pou n Fè Travay la

- Kòmanse e fini alè.
- Kreye yon espas sekiritè pou pèmèt nou fè dyalòg ki onèt e djanm.
- Rete fleksib avèk yon panse ouvè, epi patisipe nan yon fason aktif.
- Tande pou w kapab konprann kèk lòt pwennvi.
- Trete tout patisipan yo avèk respè.
- Siveye lè a – asire ke n akòde tout manm ki ta renmen genyen opòtinite pou yo di kichòy yon chans pou yo fè sa.
- Pale yon moun alafwa – eseye pa entèwonp (pa koupe pawòl) lòt moun.
- N ap pataje done yo ak materyèl ki te prezante yo aprè reyinyon an, amwenske ta genyen yon egzijans pou n fè sa davans

Delè Ki devan Gwoup Travay la

Fevriye

Reyinyon
òganizasyonèl Gwoup
Travay Lekòl Konkou
Antre yo (ES)

Mas

Sesyon chita tande
kominotè yo

Yon rezime efò ki fèt
pou mete sou pye
regleman 1 an yo

Yon revizyon kritè
admisyon ki egziste
nan kèk lòt distri

Avril

Fòmile divès kritè ak
mekanis pou admisyon

Revize done similasyon
yo pou kritè ak
mekanis admisyon yo

Divès bwouyon
rekòmandasyon

Yon sesyon chita tande
kominotè

Me

Revize e bay kòmantè
sou premye bwouyon
kritè admisyon ekri yo
ak sou kèk lòt
rekòmandasyon

Finalize
rekòmandasyon yo

Soumisyon bay Komite
Skolè a

Prezantasyon
Komite Skolè a
Me/Jen

Prezante regleman
rekòmande Gwoup
Travay la bay Komite
Skolè a

Pwogramasyon Orè Reyinyon yo

Frekans (konbyen fwa reyinyon yo ap fèt) ak strikti yo

- Yon fwa pa semèn an Mas ak Avril, epi 2 fwa pa semèn an Me
- Sesyon yo ap dire yon minimòm 90 minit
- Y ap enkli komantè gran piblik la nan chak reyinyon, epi ap genyen 2 sesyon chita tande kominotè, anplis de sansabilizasyon pati enterese yo